# Apèsi sou Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri

New York State Office of Children and Family Services

Child Care Stabilization Grants
Help is on the way

Sibvansyon sa a, se pa yon prè li ye, donk ou PA bezwen remèt lajan an.

Se PA yon posibilite kote se moun ki enskri anvan yo k ap jwenn sèvis, men PA pran tan pou aplike.

NEW YORK STATE
Office of Children and Family Services

# Ou kapab itilize lajan an pou yon pakèt mizajou oswa amelyorasyon fizik ak pwogram - pou bagay tankou:

- Antretyen oswa ti chanjman nan lokal ou yo
- Achte pwodui netwayaj oswa ekipman pwoteksyon endividyèl
- Peye frè reta sou fakti pwofesyonèl yo
- Jwenn plis materyèl jwèt
- Fè fòmasyon pou anplwaye yo, oswa
- Jwenn resous pou sipòte sante mantal anplwaye ak timoun yo

NEW YORK STATE
Office of Children and Family Services

Sibvansyon pou estabilizasyon sa yo reprezante yon envestisman nan domèn gadri ki pat janm fèt anvan sa.

TANPRI pwofite okazyon espesyal sa a epi APLIKE.

# Ou gen uit (8) opsyon pou itilize lajan Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri yo:

1. Depans pou pèsonèl, pewòl ak salè, avantaj
2. Pèman lwaye oswa ipotèk, sèvis piblik, etablisman, oswa asirans
3. Antretyen ak amelyorasyon etablisman yo
4. Ekipman pwoteksyon endividyèl, ekipman ak sèvis netwayaj ak ijèn piblik, oswa fòmasyon
5. Acha oswa mizajou ekipman ak founiti pou fè fas ak COVID-19
6. Byen ak sèvis ki nesesè pou kenbe oswa pou reprann sèvis gadri yo
7. Sipò nan sante mantal pou timoun ak anplwaye yo
8. Devlòpman pwofesyonèl anrapò ak pratik sante ak sekirite

Ou PA oblije soumèt resi oswa fakti oswa jwenn yon apwobasyon preyalab pou atik yo nan men OCFS pou w ka jwenn lajan sibvansyon ou an, men ou dwe dokimante jan ou depanse li. W ap bezwen kenbe dosye sou papye oswa dosye elektwonik sa yo pou pi piti senk ane.

NEW YORK STATE Office of Children and Family Services

Pwogram ou an kapab merite yon verifikasyon sou fason ou te itilize fon federal yo pou ede pwogram ou an. Si sa rive, w ap bezwen kapab montre kijan ou te depanse lajan sibvansyon w lan epi ou te itilize l pou amelyore pwogram ou an oswa ede l redemare apre Ijans sante piblik COVID-19 la.

NEW YORK STATE
Office of Children and Family Services

# Amelyore Pratik sou fason ou kenbe dosye:

- Pa ret tann jis nan fen ane a pou ranmase resi, fakti ak dosye
- Egzamine dosye w yo chak mwa pou asire w ou gen tout bagay nan lòd
- Kenbe dosye w yo yon sèl kote
- Itilize anvlòp pou sere resi yo selon kategori depans lan
- Asire w resi w yo gen etikèt epi yo lizib
- si ou te bliye pran yon resi oswa si ou pa t kapab jwenn youn (pakomèt, vant brikabrak, elatriye), ekri yon resi ou menm pou sonje depans nan tomcopelandblog.com.



# Tom Copeland's Taking Care of Business

THE NATION'S LEADING EXPERT ON THE BUSINESS OF FAMILY CHILD CARE






## What You Need to Know About the Child Care Stabilization Grants

JULY 7, 2021

Update: Previously, the link to the recording of this webinar was broken. It is now fixed. States have now started to release grants to family child care providers under the new Child Care Stabilization grant program. If your state hasn't... Read More ›

Share this:

Email | More

**Ask Tom**

**Question: What should I say in a termination notice?**
View Answer

**Have a Question? Ask Tom**

**Categories**

- Advocacy
- Ask Tom
- Business Resources
- Marketing
- Money Management & Retirement

## Recent Posts



### How to Handle Parent Contacts Afte

JULY 25, 2021

The work day for many family child care providers does not end when the last child leaves their home. Cleaning, record keeping,

# tomcopelandblog.com



Konsèy Tom Copeland sou fason pou refè dosye:

tomcopelandblog.com/no-receipt-how-to-reconstruct-your-records

Enfòmasyon Tom Copeland sou fason pou kenbe dosye elektwonik ak dosye anliy:

http://tomcopelandblog.com/



# IRS pral aksepte:

- Resi elektwonik oswa sou papye
- Resi eskane
- Atestasyon kat kredi
- Rapò dijitalize sou depans

NEW YORK STATE | Office of Children and Family Services

## Si ou pa gen resi original yo, ou kapab konsève lòt bagay:

- Chèk ki anile
- Atestasyon Kat kredi/kat debi
- Dosye ki ekri alamen
- Nòt kalandriye
- Foto



Ou kapab itilize lajan sibvansyon ou an pou yon opsyon ou pa t aplike pou li. Sèlman asire w ou byen konprann nouvo kategori a ak opsyon ki anndan l yo. Dokimante depans ou yo.

**Resous Ki kapab Ede:**

- Ajans lokal pou Resous ak Referans Gadri (Child Care Resource and Referral, CCR&R)
- Ajans Enskrisyon
- Reprezantan sendika
- WHEDco
- Regilatè
- Tom Copeland



NEW YORK STATE
Office of Children and Family Services

Gade sit entènèt Sant Èd Estabilizasyon an pou jwenn plis enfòmasyon, mizajou, videyo ak èd biwo nan chak kategori ki nan 8 kategori sibvansyon yo.

**https://ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/**

New York State Office of Children and Family Services